ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№144 (23.802) ● 2018 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 27, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Казбек «Анэм и щІыхь» медалыр сабий куэд зиІэ анэхэм ярет

КЪБР-м и Правительствэм и Унэм щекІуэкІащ «Анэм и щІыхь» медалыр сабий куэд зиІэ анэхэм зэрыратым теухуа гуфІэгъуэ зэхьихьэ. Дамыгъэ лъапІэр хуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ щІыхубз тІощІым.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек къыдэхуэсахэм и гуапэу ехьуэхъуащ къэралым щагъэлъапІэ махуэшхуэмкІэ - Анэм и махуэмкІэ.

«Фи бынхэр пэжыгъэрэ щІыхугъэрэ яхэлъу къэтэджын, ди къэралым и щІыку нэс хъун пащІэ фэ фхуэзфІэкІ псори фолажь, фи псэр етауэ абыхэм я творческэ зэфІэкІхэр къыбогъэуш, я ехьулІэныгъэхэм фрогушхэу. Си гумрэ си псэмрэ къабгъэдэкІыу фыщІэ фхузощІ апхуэдэ псэемыблэж лэжьыгъэм папщІэ, унагъуэ хабзэ нэхъыфІхэр хъумэным фызэрегугъум къыкэкІыу, - къыхигъэщхьэхукІащ щІыналъэм и Іэтащхьэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр, жиІащ КІуэкІуэ Казбек, жыджэру хыхьащ урысейпсо лъэпкъ проект 12-м я щІыналъэ Іыхьэхэр зэхэлъхьэным. Абыхэм ящыщу нэхъыщхьэ дыдэхэр зыхуэзэпІар егъэджэныгъэр, узынщагъэр хъумэныр егъэфІэкІуэнырщ, тыншыпІэ псори зиІэ псэупІэхэр щІыныщ, сабий зэрыс унагъуэхэм я псэукІэм зегъэужьыныщ: «Дэ тхуэзэфІэкІуэ зыри къэдгъэнэнкъым унагъуэхэм, псом хуэмыдэу сабий куэд зэрысхэм, яхуэфащэн гулъытэ ягъуэтын папщІэ», - къигъэлъэгъуащ республикэм и унафэщым.

КІуэкІуэ Казбек бын куэд зиІэ анэхэм ехьуэхъуащ узыншагъэ быдэ, насып, ефІэкІуэныгъэ яІэну.

Уфдэгъуэ зэІущІэм хэтащ федеральнэ центрым и лыкІуэ, апхуэдэу КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, профсоюз, жылагъуэ зэгъуэныгъэхэм я лЫкІуэхэр.

«Анэм и щІыхь» медалыр а махуэм ирагащ:

Архагъэ Любэ (быни 5), Гъуэлпъащ Ларисэ (быни 7), Іэюб Гуля (быни 5), Бэв Маридэ (быни 5), Бисеровэ Даимат (быни 7), Джанатаевэ Беллэ (быни 5), Евдокимовэ Еленэ (быни 5), Зэшей Иринэ (быни 5), Ирыгу Иринэ (быни 5), Иттиевэ Дарико (быни 5), Къаныкъуэ Іэсият (быни 5), Кэцыбей Марьянэ (быни 5), Гугъуэт Мадинэ (быни 5), Къущхьэ Жаннэ (быни 7), Лукьяевэ Фаризэт (быни 6), Хаировэ Зайнаб (быни 5), Хьэпащ Светланэ (быни 10), Шэру Лерэ (быни 7), Шыдукі Валентинэ (быни 8), Юсуповэ Зульфия (быни 5).

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр Тэрч щІыналъэм щыІащ

КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ Іуэхукіэ иджыблагъэ Тэрч районым щыІащ икІи а муниципальнэ щІыналъэм и Іэтащхьэ Дадэ МуІэедрэ абырэ тепсэлъыхьащ социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщІа Іуэхуэм.

ПСОМ ящэу ар кІуащ Налмэс Іэмэпсымэхэр щащІ заводым. Абы и лэжьапІэ Іэнатіэхэр къызэкиІухьа нэужь, республикэм и УнафэщІыр предприятэм и лэжьакІуэхэм яхуэзащ икІи мы Іуэхущ Іапі Іэр зыхэт гугъуехьхэр дэгъэкІыныжмкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм тепсэлъыхьащ.

Апхуэдэу КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр Дей къуажэм дэт сабий спорт школым щыІащ, Щэнхабзэмкіэ унэр зэрызэгъэпэщыжым щыгъуазэ зищІащ. Иджыпсту а Іуэхущ Іапі Іэм и кІуэцІри и щІыбри зехьэн яухащ, бжэ-щхьэгъуабжэхэр зэрахъуэкІащ, котельнэр зэрагъэпэщыжащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, къапэщыт лэжьыгъэ псоми я процент 70 хуэдизыр зэфІэкІащ. Республикэм и унафэщІым абы щылажьэхэм гу лъаригъэтащ Щэнхабзэмкіэ унэр зыхуей хуэзэу зэрагъэпэщыжын икІи ягъэува пІалъэм ирихьэлІэу къызэІуахьыжын зэрыхуейм.

КІуэкІуэ Казбек къуажэм щыпсэу нэхъыжьхэм щепсалъэм къыхагъэщащ мы жылагъуэм къыпІэзыкІухь автомобиль гъэгу щІын хуейуэ къызэралъытэр, къуажапщэ лъэныкъуэр тэмэму псыкІэ къызэгъэпэща зэрымыхъур. Абы къыхэкІыу къуажапщэм псы зрикІуэ бжьамийжэр щІэуэ щаукъуэдиинущ.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр апхуэдэу Плановскэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэмрэ курыт еджапІэ №1-мрэ епльащ, Тэрч къалэм къигъэзэжа нэужь зэрылажьэ щыгъэнхэр щад «БТК групп» акционер зэгъэзэнныгъэм и дэрбэзэр фабрикэм щыІащ. Иджыпсту абы щІыху 525-рэ щолажьэ, ауэ мыгувэу абыхэм я бжыгъэр 700-м нагъэсыну я мурадщ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

● Пшыхьхэр

Анэхэр ягъэпажэ

Къардэн Мурат

Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм щэкІуэгъуэм и 22-м пшыхь гуапэ щекІуэкІащ Анэхэм я махуэм теухуауэ.

ІУЭХУЩІАПІЭМ и пІуэщІэ пэшым къыщыізІуахат сурэт щІыным дихьэх ныбжьыщІэхэм я Іэдакъэ къыщІэкІа лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Абыхэм нэхъыбэу къыщагъэльэгъуат фІыуэ ялъагъу, нэхъ лъапІэ дыдэу гъащІэм щаІэ анэхэм я сурэтхэр.

Пшыхьыр зэдрагъэкІуэкІащ телевиденэм и лэжьакІуэ, уэрэджыІакІуэ **Аттаев Азнорэ** КЪБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапі Іэм и лэжьакІуэ **МафІэдэ Линэрэ**. Абыхэм къыхагъэщащ, зэрыт ныбжьым емылъытауэ, щІыхур сыт щыгъуи анэм и гуапагъэ, гулъытэ, щабагъэ зэрыхуэныкъуэр.

- Ныбжьэгъу лъапІэхэ, пщІэ зыхуэтщІ анэхэ! КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек, Правительствэм, си щхьэм къабгъэдэкІыу анэхэм сынывохъуэхъу узыншагъэ, гъащІэ кІыхь, гуфІэгъуэ фиІэну, - жиІащ КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ **Къардэн Мурат**. - Анэмрэ бынымрэ я зэхущытыкІэ дахэм нэхърэ нэхъ къабзэ щыІэу фІэщщыгъуейщ. Анэгур сыт щыгъуи быным хуэмыгъэщ. Бын псори фыкъыхуэдожэ дапщэщи анэхэм зэман къахуэвгъэуту хуэфащэ гулъытэ яхуэфщІыну, псалъэ гуапэхэр ялъывгъэсыну.

Налшык къалэм и ЦІыхубзхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ **Къаскъул Іэулият** анэ лъапІэхэм, хьэщІэхэм ягу къигъэкІыжащ 1998 гъэ лъандэрэ Анэм и махуэр къэралым зэрыщагъэлъапІэр. Абы къыхигъэщащ бынхэм я анэхэм хуаІэ хуабагъэр, гуапагъэр, лъагъуныгъэр къагъэлъэгъуэнымкІэ, фІыщІэ хуащыныкІэ ар зэрыІэмалыбІыр.

- Анэр унагъуэм и гугъапІэщ, и щІэгъэкъуэнщ, и хьугъуэфІыгъуэщ. Дэтхэнэри анэхэм дыкъахъумэ. Къэралым и къэлъэгъуэ щІэблэр къэзыгъэтэдж анэхэм нэхъ лъапІэ щыІэкъым. Бын гуфІэгъуэ фыщымыщІэу, абыхэм я зэфІэкІым фригушхуэу Тхьэм фигъэпсэу! - жиІащ Къаскъул Іэулият анэхэм защыхуигъаазэм.

ЗэІущІэр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэхэу Тхьэгъэлэдж Светланэ, Гергокаевэ Хьэлимэт, Хекилаевэ Денизэ, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ ансамблым, «Шагъдий», «Нал цыкІу», «Арабеск» сабий къэфакІуэ гупхэм.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ трихащ.

Къаскъул Іэулият

Хекилаевэ Денизэ

● КЪБР-м и Парламентым

ЩІалэгъуалэм зэфІагъэкІар мащІэкъым

КЪБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсым и ЩІалэгъуалэ палатэм и лэжьыгъэр зэхуищІыжащ.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ** ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэм фІыщІэ яхуищІащ ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэм папщІэ.

- Нобэ ЩІалэгъуалэ палатэм и иужьрей зэІущІэщи, шэч хэмылъу, дигу кІоуэ язныкъуэхэм адэкІэ даззрыдэмылэжьэжынур. Псом япэу фыщІэ ин яхузощІ мыхьэнэ зиІэ, сэбэп зыпылъ Іуэху гъэщІэгъуэнхэр кІызэрагъэпэщу ахэр зэрылэжьам щхьэкІэ. Лъэпкъыбзэхэм зегъэужьыным, хабзэхэр хъумэным, нэгъуэщІхэмэ ятеухуауэ абыхэм къыхалъхьа жэрдэм зыбжанэм федеральнэ мыхьэнэ ягъуэтащ. Си гуапэщ апхуэдэ Іуэхухэм ди щІалэгъуалэм гу зэрылъитэр икІи сыщогугъ дяпэкІи екъулІэныгъэ къагъэлъэгъуэну, - - жиІащ **Егоровэ Татьянэ**. - Уэзрыгушхуэнщ ильэсипщІ и пэкІэ КЪБР-м и Парламентым епхауэ къызэдгъэпэща ЩІалэгъуалэ палатэм и зэфІэкІыр наІуэ зэрыхъуар. Къапщтэмэ, палатэм щызэфІагъэкІ лэжьыгъэм и фІыгъэкІэ щІалэгъуалэм заужь - ахэр районхэм я щІыпІэ самоуправленэхэм я советхэм, КЪБР-м и Парламентым я депутат мэхъу, министерствэ, Іуэхущ Іапі Іэ щхьэхуэхэм я унафэщІ къулыкъур ягъуэт. Етхуанэ зэхуэсым хэта щІалэгъуалэм я нэхъыбэр зэхьэзэхуэм пхыкІащи, адэкІи лэжьэнущ. Абы къегъэльагъуэ политик хъарзынэхэр къэкІуэным дызэрИэнур. Апхуэдэуи ди гуапэ хъунут мы зэманым екІуэкІ «Урысейм и пашэхэр», «ЛъагапІэщІэ» зэхьэзэхуэхэм хуэдизкІи ди щІалэгъуалэр къыщыхэжаныкІамэ.

ЩІалэгъуалэ палатэм хэтхэмэ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым фІыщІэ хуащІащ щІалэгъуалэм щІэгъэкъуэн сыт щыгъуи къазэрыхуэхъум папщІэ.

ЩІалэгъуалэ палатэм и унафэщІ **Гугъуэтыж Ахьмэд** тепсэлъыхьащ ильэситІым къриубыдэу зэфІагъэкІам.

КЪБР-м и Парламентым и еханэ зэхуэсым и ЩІалэгъуалэ палатэм хэтынухэр ягъэбелджылащ, абы теухуа дэфтэрыр щэкІуэгъуэм и 29-м ирагъэкІуэкІыну зи чэзу зэІущІэм къыщащтэнущ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ Іапі Іэ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуейщ

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КЪБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригугъэмкІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэми.

ГъэщІэгъуэн куэд къивгъуэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуэгуанэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуа тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и пощт Іуэхущ Іапі Іэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэпІейкІэ 78-рэ хъуэу аращ.

Ди индексыр 51531

Нобэрэ пщэдейрэ

Щэкіуэгъуэм и 27, *гъубж*

♦**Урысей Федерацэм и тенджызэ Іуфэ лъэсырыкІуэдзэм и махуэщ**. 1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ ящыдигъэкІащ «тенджызым и Іуфэм къулыкъу щызыщІэну сэлэт полк» къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**Уасэ зыгъэувым и махуэщ**

♦**1730 гъэм** Урысейм и Сенатым къыдигъэкІащ «ЩІымахуэ лъэхъэнэм Москва и уэрамхэр къызэрагъэнэхуну абдж уэздыгъэхэр щыным теухуауэ» унафэр.

♦**1922 гъэм** Урысейм къыщыдагъэкІащ ахъшэщІэ - совет тумэнхэр.

♦РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ **Польских Галинэ** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Америкэ актёр цІэрыІуэ **Брюс Ли** къызэралъхьэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дадэ Суфэдин** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

♦Жылагъуэ лэжьакІуэ, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхъэ фондым и унафэщІ **Щоджэнщыкіу Леонид** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Актёр, режиссёр, УФ-м и цІыхубэ артист **Машков Владимир** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Урысей футболист, УФ-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, къэралым и гуащхьауэ нэхъыфІхэм ящыщ (топ 233-рэ дигъэкІащ) **Кержаков Александр** и ныбжьыр илъэс 36-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 7 - 8 щыхьунущ.

Щэкіуэгъуэм и 28, *бэрэжьей*

♦**ГущІэгъу зэхуэщІыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Албаниер щхьэхуит щыхьуа махуэщ**

♦**1912 гъэм** Урысей империем и IV Къэрал Думэм лэжьэн щІидзащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыІэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщІыныгъэшхуи иритащ.

♦**1943 гъэм** Ираным и къалащхьэ Тегеран къыщыізІуахащ къэралищым - СССР-м, США-м, Инджылызым - я унафэщІхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ зыхэт конференцыр.

♦Нэмыцэ философ, марксизмэм и лъабжьэр зыгъэтІылъахэм ящыщ **Энгельс Фридрих** къызэралъхурэ илъэси 198-рэ ирокъу.

♦Урыс усакІуэ, тхакІуэ, публицист, зэдзэкІакІуэ, критик **Блок Александр** къызэралъхурэ илъэси 138-рэ ирокъу.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь, УЩІА-м и академик **Лихачёв Дмитрий** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокъу.

♦УсакІуэ, тхакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь **Симонов Константин** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкІэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Хормейстер, УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Бицу Юрий** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м и цІыхубэ артисткэ, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ, къэфакІуэ Іэзэ **Шортэн Аллэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и ухуакІуэ, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, «Къэбалъкъремстрой» ОАО-м и унафэщІ **Гъуаплъащіэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щІыхь зиІэ и журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, политик, КЪБР-м щІыхь зиІэ и юрист **Дыщэкі Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 16, жэщым градуси 3 - 6 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

● Япэу традзэ

Адыгэ фащэр егъэлъапІэ

«Лидеры отрасли» журналым и 5-нэ къыдэкІыгъуэр дунейм къытехьащ. Илъэс зыбжанэ хуауэ Урысейм къыщыдэкІ, Высоцкая Заремэ зи редактор нэхъыщхьэ а журналым къалэн зыщещІыж политикэм, медицинэм, гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэм, хуэныгъэм, мэкъумэшым, экономикэм къыщыхэжаныкІа, щІыналъэр ефІэкІуэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа цІыху пэрытхэр дигъэцІыхуну.

«КАБАРДИНКА» къэрал къэфакІуэ ансамблым и сурэтыр зи жинтым тет журнал щІэращІэр нэхъри гурыхь тщещІ абы и щІыІум тет псалъэ шэрыуэхэу урыс дэзэешэ цІэрыІуэ Потёмкин Павел къыщІэнам. «Къэбэрдей адыгэхэм сыт и лъэныкъуэкІи щапхъэ ятеэыхэр лъэпкъыщІэм нэблагъэнщ, - жеІэ Потёмкиным, - я щэн къудеймкІэ мыхъуу, я дуней тетыкІэкІи, я зыхуэпэкІэкІи».

Урыс дэзэешэм зи гугъу ищІ зыхуэпэкІэм, псом хуэмыдэу - адыгэ цейм - напэкІуэцІ зыбжанэ триухуащ журнал гъэщІэгъуэным. «Лъэпкъ фащэр щыгъын къудейуэ щытыкъым ар зезыхьэхэм я дежкІэ, - дыкъыщоджэ а тхыгъэм. - Ар зыми хэмыгъэщэн хьэпшащ, лъэпкъым зэригъэпэща щэнхабзэм и тхыдэщ, ар къызэрикІуа тхыдэ гъуэгуанэм и лъагапІэщ, лъэпкъыр хабзэм зэрыхуэпэжымрэ нобэрей дунеим зэрекІумрэ я нэщэнэщ».

Зи тиражыр мин 30 хъу журналым къыдегъэщІыну Налшык щылажьэ «КъэулІэныгъэ» («Успех») егъэджэныгъэ Іуэхущ Іапі Іэм и унафэщІ Іэпекъуэ Жаннэ. «Дэ пщэрылъ зыщыдощІыж, - топсэлъыхь Жаннэ и лэжьыгъэм, - дэнэкІэ зигъазэми, гъэгъу зэзыгъэгъуэтыфын, сыт и лъэныкъуэкІи зызыужьа щІыху дгъэсэну».

ЧЭРИМ Марианнэ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хьэлывэр япкІыху щысри, ягъэжьэху пэплъэжакъым.

● КъБР-м и Парламентыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ ирокъу

ЛIэщIыгъуэ плIанэм къриубыдэу

1993 гъэм дыгъэгъаэзм и 12-м Къэбэрдей-Балъкъэрым хабзэхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм - КъБР-м и Парламентым - и япэ хэхыныгъэхэр екIуэкIащ. А илъэс-хэм жылагъуэ-политикэ, экономикэ Iуэхухэр гугъуу щытами, къэралым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэщIэхэм - Хабзэр и тегъэщIапIэу жылагъуэр ухуэным - Къэбэрдей-Балъкъэрри зэрыдекIуным ухэхьэзырт.

КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ зэхуэсхэр палатитI гуэшауэ щытащ: Республикэ Советрэ ЛIыкIуэхэм я Советрэ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр щIыналъэм и жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэпIэзэрыт щынырт, лъэпкъ зэмыпIэужьыгъуэхэм я еплъыкIэр абдеж нэхъ наIуэу къыщагъэлъагъуэну Iэмал иIэн хуэдэу. Республикэ Советми ЛIыкIуэхэм я Советми дэтхэнэми депутат 36-рэ хагъэхьат.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэр (2003 - 2009 гъэ.) си палатэ хъуэу яубзыхуащ 2003 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м. Апхуэдэ унафэр къащтат республикэм политикэ Iуэхуэр зэрыщыIэзэтеувам къыхэкIыу, апхуэдэуи «Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я хабзэубзыхь, гъэзэщIакIуэ Iуэхущ1апIэхэр къыззэрызэрагъэпэщащт теухуауэ» Федеральнэ Закон №184-м (1999 гъэм дыгъэгъаэзм и 6-м кьыдагъэкIам) кьыгъэув хабзэ щхьэхуэхэм ябгъ иткIэ.

2001 гъэм къащтащ «Политикэ партхэм теухуауэ» федеральнэ хабзэр. Абы къыщагъэльэгъуащ политикэ лъэкIыгъэм хэтыну хуей партхэм я пщэрылъхэр нэхъыбэ ящызыщI жыпхъхэкр. «Политикэ партхэм теухуауэ» Федеральнэ хабзэм ипкъ иткIэ, республикэм и Парламентым дэлэжьну партхэм я хэхьныгъэхэм урысейпсо политикэ партхэм я щIыналъэ къудамэу 32-м зрагъэтхат. Ауэ абыхэм ящыщу 6-рэ дэфтэрхэр кьэзыгъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зы палатэ хъу и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэр 2003 гъэм дыгъэгъаэзм и 7-м хахащ. Хэхьныгъэхэр системэ зэхэдзам тету ирагъэжьIакIащ: депутат 55-р зы мандат хэхьапIэ округхэм, депутат 55-р хэхакIуэ зэгухьэныгъэхэмрэ хэхакIуэ блокхэмрэ кьагъэлъэгъуахэм нэхъ иткIэ хэхьапIэ округ зэгуэтым щыхахащ. Хэхьныгъэхэм кьарикIуэхэм тещIыхьауэ, мандатхэр зыхуэзыгуэшынухэм хагъэхьащ проценти 5-м щIигъум IэщаIэта политикэ партхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэу щы - КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кьудамэм мандати 6 кьыIэрыхьащ, «Урысей зэкъуэт» партым и кьудамэм - 44-рэ, Урысейм и аграрнэ партым - 5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэм депутати 110-рэ хэтащ, абыхэм ящыщу 22-р зэпымыууэ лажьэу.

КъБР-м и Парламентыр и лэжьыгъэр къызэрагъэпэщырт: IуэхущапIэм и Унафэщым, абы кьуэдзэу 3 иIэт, комитети 8-м. Лъэпкъ зэхущытыкIэхэмкIэ комитет къызэрагъэпэщат адыгэ, балъкъэр, урыс лъэпкъхэм ящыщ депутатхэр хэтуи, республикэм щыпсэу лъэпкъ зэмыIэужьыгъуэхэм я зэхуакъ зэгурыIуэ дэлъу къызэдэгъэгъуэгурыкIуэмкIэ ар сэбэп мэхъу мы зэманми.

2009 гъэм гъатхэпэм и 1-м КъБР-м и Парламентым и еппланэ зэхуэсыгъуэр хахащ, депутат 72-рэ хэту. Абыхэм ящыщу зэпымыууэ лажьэхэм я бжыгъэр 18 хъурт.

КъБР-м и Парламентым и етхуанэ зэхуэсыр (2014 - 2019 гъэ.) 2014 гъэм фокIадзэм и 14-м яубзыхуащ. А хэхьныгъэм Iэ щIэтащ щыIэу мин 379-рэ 110-м (республикэм и хэхакIуэхэм я процент 71,06-рэ мэхъу). Парламентым мы зэманым щопажьэ политикэ парти 5 - «Урысей зэкъуэт», «Захуагъэ щэщыIэ Урысей», КПРФ, ЛДПР, «Зелёные» политикэ партхэм я щIыналъэ кьудамэхэр. Етхуанэ зэхуэсым депутату 70 хэтщ, 18-р зэпымыууэ лажьэу. Абыхэм хохьэ: КъБР-м и Парламентым и УнафэщIыр, абы и кьуэдзэу 2, комитет зэхуэмыдэхэм я унафэщIу 12. Апхуэдэуи яубзыхуащ КъБР-м и Парламентым Лъэпкъ зэхущытыкIэмкIэ и комитетыр.

КъБР-м и Парламентым кьикIуа гъэгуанэр мыкIыхь щхьэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и иджырей кьэралыгъуэр зэфIэувэным, зиужьыным, цIыхухэм я хуитыныгъэхэр кьагъэсэбэпыфыным, республикэм и социально-экономикэ Iуэхухэр гъэзэщIа хъунымкIэ ехьэлIауэ хабзэ и лъэныкъэкIэ защIэзэкъуэным хэлъхьэныгъэшхэр хуищIащ. КьыхэгъэщIпхъэщ, 1997 гъэм фокIадзэм и 1-м абы КъБР-м и Конституцэ кьищтар республикэм и тхыдэм зэрыхьхьар.

Зэман кIэщIым кьриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэубзыхь лъабжьэр быдэ хъуащ. Дызэрыт зэманым КъБР-м и хабзэубзыхь Iэнатlэр мэлажьэ УФ-м и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзамрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм илъэс кьэс Парламентым Зэрызыхуигъэзамрэ къызыщIэзыгъуэ кьалэнхэр игъэзащIэу.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущапи1э.

● Хъуэхъу

ЩIэныгъэр зи гъуазэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, ди къэралым и нэгъуэщI щIыналъэхэми щыщIэрыIуэщ мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, ЩIДАА-мрэ РАЕН-рэ я академик Уэлджыр Мушэхьид Кушбий и къуэр.

«АДЫГЭ псалъэ» газетым и лэжьакIуэхэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ а цIыху щэджащэм гуапэу йохъуэхъу, и ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъуамкIэ. Еджагъэшхуэм и гъащIэ псор триухуащ адыгэхэм я мэкъумэш щIэкIэм, сыт щыгъуи къадэгъуэгурыкIуэ IэщIагъэм - Iащ гъэхъуным. Ар а лэжьыгъэм зэрыщекхуэлIам, ноби зэфIэкI инхэр кьызэрыщигъэльагъуэм и щыхьэт наIуэу а Iэнатlэм зегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэ инхэр.

Абы зэфIигъэкIаХэр, иджыри зи яужь итхэр куэд мэхъу. Уэлджырыр езым и щIэныгъэ гъуэгум хигъахьа IэщIагъэлIхэм я бжыгъэри кьыпхуэмыдIуэтэн хуэдизщ. Ар иджыри абыхэм я гъуазэщ, щапхъэ зытрахщ.

КъыхэдгъэбелджылыкIынщи, Уэлджыр Мушэхьид Кушбий и кьуэм ди республикэм Iащ гъэхъуным зыщегъужьыным теухуауэ дунейм кьытригъэхьа и тхыгъэхэм я мыхьэнэр инщ. Абыхэм ящыщ зыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мэл гъэхъуным и Iухэр щефIэкIуэным теухуауэ, щIэджыкIакIуэхэм нэгъабэ яIэрыхьа тхыльрэ. А лэжьыгъэм, мэкъумэш щIэныгъэхэм я кандидатэу Жьэкlемыхъу Мухьэмэдрэ Батыр Ольгэрэ и гъусэу къыдигъэкIам, куууэ щызэпкърыхащ мызэкIэ ди республикэм зэрыщефIакIуэм арэзы укъэзымыщI Iэнатlэр къыщыгъэщIэжьыным, кьыщыдэхьжьыным хуэунэтIа уэ щыIэ Iэмалхэмрэ хэкIыпIэхэмрэ зы-хуэдэр. Ауэ щыхъукIи, зи гугъу тщIы тхьылъыр мэл гъэхъуным куэд щIауэ яужь и Iэщ1агъэлIхэми къыхэзыщхьэпэнущ, Iуэху бгъэдыхьэкIащIэхэр кьызэрыщыгъэльэгъуам къыхэкIыу.

Илъэс 85-р цIыхухъу лIыпIэ щиуа зэманму къэтлъытэ хъунущ. Ар, псом хуэмыдэжу, Мушэхьид хуэдизкъэ щекхъэлIам и деж. ЗэфIэкырыр иджыри жьыдэржщ, и лэжьыгъэм хуэIэижьщ, зи щIэныгъэм зэпымыууэ хэзыгъэхъунущ.

Ди гуапэщ ди нэхъыжьыфIыр, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэм я гъуазэр, дяпэкIи узынщэну, дзэныхъэ лэжьыгъэм сыт и лъэныкъуэкIи пэлъэщыну, и Iыхьлыхэм, зыхэт цIыхухэм фIыуэ я кьалъагъуу куэдрэ псэуну!

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Зэпеуэхэр

УФ-м и Конституцэм и махуэм и щIыхькIэ

Урысей Федерацэм и Конституцэм и махуэм и щIыхькIэ республикэм и прокуратурэм сурэтхэм я зэпеуэ ирегъэкIуэкI балигъ мыхъуахэм хабзэхэм зэрыщыщыкIым хэгъэхъуэным. Аэр щIэпхъаджагъэхэмрэ кIэрыутIыпщынытIэмрэ щыхъумэным хуэгъэзауэ.

АР къызэзыгъэпэщар Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэрэ. Зэпеуэм хэтыну ирагъэблагъэ КъБР-м курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэ псоми щIэсхэр. Ар лъэхъэнитIу зэпыудащ:

- апэм зэпеуэр щекIуэкIым (дыгъэгъаэзм и 8-м нэсыху) къагъэхьа лэжьыгъэхэм хопльэ;
- етIуанэм зэпеуэм крикIуэр зэхалъхьэж (дыгъэгъаэзм и 9-м къыщыщIэдзауэ дыгъэгъаэзм и 11-м нэсыху).

Сурэтхэр конкурс комиссэм хуагъэхь мы хэщIапIэмкIэ: *КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и проспект, 16, пэш №205 е цIыхур щыпсэу (е щеджэ щIыпIэм щыIэ къалэ, район прокуратурэхэм.*

Зэпеуэм кърикIуэхэм апкъ иткIэ текIуэхэр ягъэпажэ. Абы кърикIуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и сайтым къралъхьэнущ.

Зэпеуэм техуа хъыбар къыщыфщIэфынущ республикэм и прокуратурэм: *КъБР, Налшык къалэ, Кулиевым и проспект, 16, пэш №205, тел. (88662) 40-43-17.*

Конкурсыр зэрырагъэкIуэкI абзэр апхуэдэу къыщытрадзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокуратурэм и сай-

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хагъэхьахэр

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и Iэхуакlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-м, КъБР-м и Iэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 24-м къыдигъэкIа Указ №165-УГ-м, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 25-м кьищта унафэ №958-П-П-м япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьахэр кьащтац, урысейпсо, щIыналъэ зэхуаку, щIыналъэ, фейдэ къэлэжьыным пымыщIа жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кьудамэхэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхэм щыщу цIыху 36-рэ хэту. Щэхуу Iэ яIэтри, щIыпIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я кандидатхэм ящыщу цIыху 18 хагъэхьащ.

ЦIыху 54-м щыщу процент 97-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIэщ. ЦIыхубзу хагъэхьари нэхъыбэ хъуащ - процент 38,8-рэ мэхъу (мыбы и пэкIэ лэжьа палатэм хэтар процент 22,2-рэт зэрыхъур). ЦIыхухъуэр процент 61,1-рэ мэхъу (ещанэ палатэм - процент 77,8-рэ). Зи ныбжьыр илъэс 35-м нэс щIалэгъуалэуи нэхъыбэ хагъэхьащ. Иджы ахэр проценти 9,3-рэ мэхъу (ещанэ зэхуэсыгъуэм - проценти 7,2-рэ).

Жылагъуэ палатэм абы щымылэжьауэ цIыху 22-рэ хагъэхьащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, Жылагъуэ палатэр процент 40,7-кIэ кьагъэщIэрэщIащ.

№	И цIэр, и унэцIэр, и адэцIэр	И къулыкъур/зыхэт Iуэхухэр
1.	Амщокъуэ ФатIимэт Къэралбий и пхъур	«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэ» союзым и унафэщIыр
2.	Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр	«Кулиев Кьайсин и цIэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театр» щэнхабзэмкIэ къэрал Iуэхущапи1эм и режиссёр-постановщикыр
3.	Аттаев Жэмал Жэбир и къуэр	«Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэр
4.	Байчекуевэ Нинэ Хьэрун и пхъур	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
5.	Бажэ Дотий Мэстафэ и къуэр	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
6.	Беппаев Суфиян Узеир и къуэр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Граждан жылагъуэ Iуэхущапи1эхэм зегъэужьынымрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмкIэ щыIэ комиссэм жэуап зыхь и секретарыр
7.	Берд Хьэзрэталий Александр и къуэр	КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIыр
8.	Бобылёв Валентин Николай и къуэр	Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисэхэм я Iэтащхьэр
9.	Джэш ФатIимэ Iэюб и пхъур	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
10.	Гуппоев Тимур Борис и къуэр	«КъБР-м и социальнэ Iэнатlэм инновацхэмкIэ и центр» фейдэ кьагъэщIыным пымыщIа Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
11.	Дадэ Исмел Абузер и къуэр	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
12.	Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр	КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
13.	Дьяченкэ Аннэ Василий и пхъур	«КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и Аппаратыр» къэрал кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
14.	Жылэхьэж Артур Аслъэнджэрий и къуэр	«ФIы лэжь» цIыхухэм социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ центр» фейдэ кьеГъэщIыным пымыщIа Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
15.	Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр	КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ ЖьБКъМУ-м и лэжьакIуэхэм я профсоюз зэгухьэныгъэм и унафэщIыр
16.	Къалмыкъ Жылэбий Адэлбий и къуэр	КъБР-м щыIэ Адыгэ Жылагъуэ Зэгухьэныгъэхэм я лэжьыгъэр ззыгъэуIу советым и тхьэмадэр
17.	Канунников Анатолий Данил и къуэр	«Урысей тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ я «Вече» зэгухьэныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр ОО-м и тхьэмадэр
18.	Караев Расул Шарабудин и къуэр	«Плеханов Г. В. и цIэр зезыхьэ, ЦIыхубэ хозяйствэмрэ къэрал къулыкъумкIэ Урысей академие» профессиональнэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет еджапIэм и кьудамэм и егъэджакIуэр, доцентыр
19.	Къаскъул Iэулият ФуIэд и пхъур	«Къалэ поликлиникэ №91» узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет Iуэхущапи1эм и дохутыр нэхъыщхьэр
20.	КIыщыкъуэ Иринэ Музэфар и пхъур	«Зыужьыныгъэ» псапащIэ фондым и унафэщIыр
21.	Колесников Юрий Александр и къуэр	«Май гъавэ IыхьпIэ Iуэхущапи1э» ООО-м и унафэщIыр, Май къалэм дэт гимназие №1-м и Iуэхуэр зэкIэлъыгъэкIуэ советым и унафэщIыр, Май муниципальнэ щIыналъэм боксымкIэ и федерацэм и Iуэхуэр зи нэIэ щIэт советым и унафэщIыр, Май муниципальнэ щIыналъэм хьэрычэтыщIэхэр дэIыгъыныкIэ и советым хэтыр, «КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм» и советым хэтыр, «Роспотребнадзор»-м и Жылагъуэ советым хэтыр
22.	Конаревэ Наталье Юрий и пхъур	«КъБР-Медиа» къэрал кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и телевиденэмрэ и радиомрэ я унафэщIыр
23.	Котляровэ Марие Абрам и пхъур	«Полиграфсервис и Т» ООО-м и издательствэм и унафэщIыр
24.	Къудей Владимир Жантемыр и къуэр	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
25.	Лихицкая Иринэ Владимир и пхъур	Налшык къалэ округым «Предмет щхьэхуэхэр кууэ щрагъэдж и курыт еджапIэ №96» щIэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и унафэщIым егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэр
26.	Любуня Николай Григорий и къуэр	Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хьыхьэм и атаманыр
27.	Маслов Николай Александр и къуэр	«КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я совет» зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ директорыр
28.	Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Хьэмид и къуэр	КъБР-м и промышленникхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и гъэзэщIакIуэ директорыр
29.	Мэз Каринэ Юрий и пхъур	Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Нальп» альпинист клуб жылагъуэ Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
30.	Мысостышхуэ Маринэ Хьэсэнбий и пхъур	Актрисэр, «Налшык» ОРТК-м и редактор-режиссёрыр
31.	Нэхущ Заурбий Ахьмэд и къуэр	УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэтыр
32.	Уэрдокъуэ Юлие Валерий и пхъур	PR-продюсерыр, жылагъуэ лэжьакIуэр
33.	Павленкэ Владимир Порфирий и къуэр	Пенсэм щысыр, КъБР-м Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и Жылагъуэ советым и унафэщIыр
34.	Самофаловэ Светланэ Александр и пхъур	КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и «Iуэху куэд щызэфIагъэкI щIалэгъуалэ центр» къэрал бюджет Iуэхущапи1эм и кьудамэм и унафэщIыр
35.	Скакунков Виктор Николай и къуэр	КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и Iуэхущапи1эу Прохладнэ щIыналъэм щыIэ Приближнэ станицэм щыIэ «1-2 икIи 5 лIэужьыгъуэм хиубыдэ школ-интернат хэха (сабий сымаджэхэм щадэлажьэ)» курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт къэрал кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и унафэщIым и къалэн хэр зыгъэзащIэр

36.	Созаевэ Алкэ Зейт и пхъур	«ЩIалэгъуалэм кьыхалъхьэ жэрдэмхэм я институт» фейдэ кьеГъэщIыным пымыщIа Iуэхущапи1эм и унафэщIым и къуэдзэр
37.	Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр	Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэр
38.	Темукуев Абдул-Хьэким Сэлихь и къуэр	«Эльбрус-Транс ООО» Iуэхущапи1эм и генеральнэ директорыр
39.	Трайдуковэ Нинэ Николай и пхъур	«Ново-Ивановскэ къуажэ жылагъуэм ЩэнхабзэмкIэ и унэ» муниципальнэ къэрал кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
40.	Урысмамбэт Шагъир Нуралий и къуэр	Жылагъуэ лэжьакIуэр, пенсэм щысыр
41.	Федченкэ Людмилэ Михаил и пхъур	Гидрометеорологиемрэ дыкъзэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъыныкIэ федеральнэ къулыкъущIапи1эм и «КъуршхэмкIэ геофизикэ институт» къэрал кIэзэнэ Iуэхущапи1эм и программэхэм я щIэныгъэ унафэщIыр
42.	Хьэжьы Руслан Мухьэмэд и къуэр	«КъЭббалъкъпромстрой»-м и генеральнэ директорыр
43.	ЪьэкIуащэ Мадинэ Андрей и пхъур	УЩIА-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыжьыр
44.	ЪьэфIыцIэ Мухьэмэд Мусэбий и къуэр	«Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэр
45.	Целоусовэ Анусэ Азэмэт и пхъур	«Урысейм и юристхэм я зэгухьэныгъэ» ООО-м КъБР-м щиIэ Iуэхущапи1эм и унафэщIыр
47.	Чеченов Рустам Мусэ и къуэр	КъБР-м Капитальнэ ухуэныгъэмкIэ и управленэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэр
48.	Шабаев Леви Меир и къуэр	Урысейм и КИФЩI-м и раввин нэхъыщхьэр, Налшык къалэ округым щыщ бгырыс журтхэм я дин зэгухьэныгъэм и раввиныр
49.	Шаваев Артур Нажмудин и къуэр	Фейдэ кьеГъэщIыным пымыщIа «Шэджэм» ООО-м и генеральнэ директорыр
50.	Щэрдан Нодар Iэбу и къуэр	КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм и «Кардиологие центр» узыншагъэр хъумэнымкIэ и къэрал бюджет Iуэхущапи1эм и дохутыр нэхъыщхьэр
51.	Щэрмэт Оксанэ Назир и пхъур	КъБР-м и АККОР-м и бухгалтер нэхъыщхьэр, «КъБР-м и ЩIалэгъуалэхэм я зэгухьэныгъэм и совет» РОО-м и унафэщIыр
52.	Шинкарёвэ Наталье Пётр и пхъур	«Тхылъыр фIыуэ зыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэ» жылагъуэ советым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщIыр
53.	Шыхъуэбахъуэ Мухьэмэд Хьэбас и къуэр	Зауэм, лэжьыгъэм, Iэщщкlэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр
54.	Яхэгуауэ Сергей Сэфарбий и къуэр	Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIыр

Псыхэмыхьэ Мусэ Шамсудин и къуэр

2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 24-м дунейм ехьжащ кьытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэ куу егъэгъуэтыным хуэлажьа егъэджакIуэ, къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, тхьакIуэ, журналист Iэзэ Псыхэмыхьэ Мусэ Шамсудин и къуэр. Тхэтыжькъым аигэ пльэпкъым зиуэзощIыным зи гъащIэ псор щхьэзыхьэ хуэзыщIа а цIыхуэр, псэкIэ кьулейуэ щытар.

Псыхэмыхьэ Мусэ 1940 гъэм Эрсакон (Абатэхьэблэ) къуажэм къыщалъхуащ. Абдеж курыт еджапIэр къыщиухуа нэужь, Къэрэщей-Щэрджэс къэрал пединститутым щIотIысхьэри, ехъулIэныгъэ иIэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ зрегъэгъуэт.

Абы лэжьэн щыщIидзар адыгэ газетырщ, иужькIэ щалъхуа къуажэм игъэзэри, егъэджакIуэ, завуч, директор Iэнатlэхэм пэрыташ.

Зи щIэныгъэкIэ, псэ кьабзагъэкIэ цIэрыIуэ хъуа щIалэм республикэ унафэщIхэм гу кьыльатащ. 1975 - 1986 гъэхэм Псыхэмыхьэр КПСС-м и Адыгэ-Хьэблэ райкомым и кьудамэм и унафэщIу, адэкIэ партым и Къэрэшей-Щэрджэс обкомым хьыбарегъащIэ Iэмалхэмкlэ и секторым и пашэу щытащ. ИужькIэ илъэсхэм мэкъумэш комбинатым кадрхэмкIэ и кьудамэм и унафэщIу, КъШР-м мылъкумкIэ и фондым и унафэр зэригъэкIуащ. ИужькIэ илъэси 4-кIэ абы хэгъэгум и Хэхакlуэ комиссэм и тхьэмадэ Iэнатlэр зэрихьащ. Мусэ и гъащIэм хэбгъэкI хунукъым Щэрджэс Адыгэ Хасэм и тхьэмадэу щыщIэта зэманри. Дэнэ щыIпIэ щымыпэжьами, Псыхэмыхьэ Мусэ абыхэм кьыщигъэлъэгъуащ жэуапльныгъэшхуэ зэрыхэлъыр.

Мусэ курыт еджапIэм щIэсу усэ тхын щIидзащ. И ныбжьыр илъэс 20-м иту мыпхуэдэ сатыр гъэзэджэхэр итхыгъащ:

Адыгэ макъамэу
Си гур къэзытIэщI,
ГъащIэр, уэр мыхъуамэ,
Къысщыхъунти нэщI.
Инжыджыпс сызэфэр
Къысфlэщlынт
нэхъ дыдж.
Адыгэ макъамэм
Псыри къыдоудж.

ИужькIэ а усэм Темыркъан Борис макъамэ щIипльхьэри, уэрэд хъарзынэ кьыхащIыкIауэ лъэпкъым Iурылъщ. И ныбжьыр илъэс 60 щыхъум, тхэным нэхъ зритри, усэхэр, прозэ иту тхьылъ хьэлэмэт зыбжанэ къыдигъэкIащ. Урысей Федерацэм и ТхакIуэхэм я зиIэу, ныбжьэгъуфIу, гъэщIэр фIыуэ зыльагъу цIыхуу дунейм зэрытетам кьыхэкIыу.

Псыхэмыхьэ Мусэ Шамсудин и къуэр ди гум кьинэнущ, тхакIуэфIу зэрыщытам и мызакъуэу, хьилмышхуэ, гу кьабзэ зиIэу, ныбжьэгъуфIу, гъэщIэр фIыуэ зыльагъу цIыхуу дунейм зэрытетам кьыхэкIыу.

Москва къалэм щылажьэ щэнхабзэ центрыр, Абазэ-адыгэ (шэрджэс) лъэпкъым къыхэкIауэ Москва къалэм щыпсэуахэм я Нэхъыжьхэм я советыр, Урысейм и адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ автономиер, Дунейпсо Адыгэ Хасэр, Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, «Адыгэ псалъэ» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым я лэжьакIуэхэр.

«Ди щхьэм занщIэу нэскъым, ину Iуми, Хэкум щIыхужиIэр уэрэд бзуми»

Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ Республикэхэм щIыхь зиIэ я артист, уэрэдус, тхакIуэ Иуан Владимир Шэмыс и къуэр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу

Щэнхабзэм и унэтIыныгъэ куэдым екъулIэныгъэ щызыIэрызыгъэхьа артистым, тхакIуэм, уэрэдусым цIыхубзым хуаIэ лъагъунныгъэр нобэр къыздэсым кIуэщIакъым. Абы щыхьэт тохъуэ и эффекIым и гугъу ящIу щIэхщIэхыурэ зэрызэхэпхыр.

АРТИСТ хъуным и сабиигъуэм щегъэжьауэ щIэхъуэпса щIалэм ар зригъэхъулIащ балигъ зэрыхъуу. Щукиным и цIэр зэрихьэу Москва дэт театральнэ училищэм 1970 гъэм ягъэкIуаеу щыта адыгэ студием хэтт Владимир. А гупым еджапIэ нэхъыщхьэр къаухри, 1975 гъэм къагъэзэжащ. Ди къэралым и къалащхьэм щыщыIа илъэсхэм, гупым и старостэу щыщытам, хуэзфIэкIахэмрэ ищIахэмрэ тепсэльыхьыжьну фIэфIт Иуаным. Владимир абы къыдеджахэми я напщIэ телът щыстудентым ягъэвауэ щыта спектакль купщIафIэхэр. Абыхэм ящыщу Шолохов Михаил и «ЩIыщIэ къэIэтам» Майданников Кондрат и ролыр щигъэзэщIащ Владимир, ар хэтащ дипломыр лэжьыгъэу щыта, Горький Максим и «Мещане», Шекспир Уильям и «12-нэ жэщ» спектаклхэми.

Адыгэ театрым зэрыщылэжьа илъэс 36-м кьриубыдэу ролъ 80-м щигъу игъэзэщIащ Иуаным. Ар щыджэгуащ «Партым и лIыкIуэ», «Къэзышэхэмрэ ящэмрэ», «КъулыкъущIэкъуохэр», «Лъэмыж», «Тыргъэтауэ», «Хьэцацэ дахащэ», «Хьыджэбзих къыдэнэжахэмрэ зы цIыхухъурэ», «Хейуэ мысэ хъуахэр» спектаклхэм, нэгъуэщIхэми. КьыхэгъэщIапхъэщ Владимир комедиери, трагедиери, трагикомедиери зэхуэдэу фIыуэ къэхъулIэу зэрыщытар.

Пльэныкъуэ зэмылIэужьыгъуэкIэ зыужьыныгъэ, екъулIэныгъэ зыгъуэта Иуаныр куэдым я нэIуасэт. Хэт зымыщIэжыр балалайкэм дежьуэу абы игъэзащIэу щыта уэрэдхэр?! Уеблэмэ, ахэр дзапэ уэрэду кьрахьэкI хъуат.

Псы хуэлIэм псы lубыгъуэ ептыным хуэдэщ, и зэману уи тхыгъэ дунейм къытеблагъэхьэнар. Апхуэдэт Владимир и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэри. ЦIыхубэр зыгъэлIейтей, зытегузэвыхь, зыгъэгушхуэу кьызэщIэзыIэтэ Iэхуэгъуэхэм ятеухуауэ куэд итхащ. Абыхэм ящыщу «Къаблэ, къаблэ, уэ си гъагъэ», «ФIыльагъуныгъэр щымыIамэ», нэгъуэщIхэри. Абы и IэдакъэщIэ рассказхэр, усэхэр, уэрэдыпкъэр, жыIэгъуэ гъэщIэгъуэнхэр щызэхуэхьэсауэ тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ.

Уи гуапэ мыхъуу кьаэнэркъым Владимир и щIалэ Иуан БетIал (ар куэдым яцIыху пшынауэ Iэзэщ) и адэм и усэхэм макъамэ яхуитхыгъэ дунейм кьызэрытригъэхьэр. Иужьрейуэ ар зэлэжьыжа «ЛIыжь уэрэдыр» куэдым ягу дихьауэ зэIэпахыу йодаIу.

ГъащIэр куэду зэхэпщIу. И дуней тетыкIэ елъытауэ, цIыхухэр жыг лIэужьыгъуэхэм ебгъапщэ хъуну кьысщохьу. Хэт и лъабжьэр быдзу щIым хэгъэпщкIуащ, щIым Iофщ щIэльыр къыщIифыкIыу; хэт и щхьэри и лъабжьэри зэхуэдэу мащIэщ; зыгуэркъэ я гъунэгъу щытхэм зэран яхуохъу я лъахъу абрагъуэхэмкIэ, уеблэмэ ягъэгъуэжи кьыхэкIыу. Иуан Владимир зы къуэпс закъуэкIэ, «мылIэ Iус» жыхуаIэм хуэдэкIэ, щIым хэттти, арат гъэпсыныр. Дуней жьапщагем апхуэдэу зыщыпIыгъыфын? Арати, и ныбжьыр илъэс 68-рэ фIэкIа мыхъуауэ, Владимир 2011 гъэм дунейм ехьжащ.

«Дунеижьым Iэплъэ есшэкIынт» - жиIэ зэпытт Владимир. Абы и жэуапу жысIэну сыхуейт: плъыфабэу зэтепщыкI и творчествэмкIэ куэдым яцIыхуа Иуан Владимир, дуней псор мыхъуми, адыгэ лъэпкъым Iэплъэ быдэ ириушэкIащ, зэи хэмыгъуэщэжын лъэужь лъэпкъ щэнхабзэм кьыщигъэнащ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

ИУАН Владимир

Заур

Iуэтэж

ДИ КЪУАЖЭР, Арщыдан Ипщэр, къуэм дэсщ. ГупкIэмкIэ кьыщыт бгы фэхум и нэкIу дыгъэмыхъуэр гуэрэнгуэрэнурэ ипхъа зэй, кьущхьэмышхей жыгхэмкIэ къуажэм кьыдоплIэ. ЩIыбагъымкIэ, Хьэнкiыргъуей мэзымкIэ, бгы фэхумкIэ хуэм-хуэмурэ кьыдэкI дыгъэм и бзийжэр кьищыпрэ кьуажэм дегуашэ. АбыкIэ кьуалэбзуэми уэрэд нэхъ щыщыжыгъэ кь

ШЫХЪУЭ Борис: Щхьэж и гъащІэ гъуэгур къыхехыж

Олимп мафІэр цІыхухэм кІыхьауэ жаІэ, спортым хуаІэ лъагъуныгъэ я гум къыщыззщІагъэнэн папщІэ. Ар пэжу къыщІэкІынщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу 1972 гъэм Олимп чемпион хъурэ, Шыхъуэ Борис ди щІынальэм ис сабий минхэр лъакъуэрыгъажэ спортым дригъэхьэхащ. Иджы илъэс къэс абы и щІыхькІэ Шэджэм куейм ныбжьыщІэхэр щызохьэзохуэ икІи Борис нобэкІэ щыпсэу Самарэ къалэм къикІыжурэ зэпеуэхэм кІэлъоплъри, къыхэжаныкІаэхэм езым и Іэкіэ саугъэтэхэр яретыж.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, Шыхъуэ Борис лъакъуэрыгъажэ спортымкІэ мызэ-мытІэу дунейпсо чемпион хъуащ, 1972 гъэм Мюнхен щекІуэкІа Олимпиадэм дыщэ медалыр щызыІэриГъэхьащ, СССР-м и командэ къыхэхам и капитану илъэс куэдкІэ щытащ. Нобэ ар ди псэлъэгъущ:

● Ди псэлъэгъуэхэр

Олимп чемпион Шыхъуэ Борис . *2018 гъэ*

- Апхэдизу сфІэфІщ Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъыззрыкІуэжри, аргуэру къыщІытеззгъэзэкьш щхьэусыгуэз сыт щыгъуи къызолъыхьуэ. Ар нэхъыбэу къызыхэкІыр си Іыхьлыжр, благъэхэр, ныбжьэгъуэхр, гъэ къэс къызэдгъэпэщ зэхьэзэхуэхэм хэт сабийхэр къызэрыспэплъэрщ. Илъэс епщыкІуэханэ мэхъу апхэдэ зэпеуэхэр зэредгъэкІуэкІри, хабзэ пыухыкІаэхэр диІэ хъуащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм ныбжьыщІэ 200-м нэблагъэ хэтащ икІи ар уэныгъэшхуэнщ. Абы щыгъуэми, къыпщыхьункІэ хъунущ лъакъуэрыгъажэ спортым ди щІынальэм лъабжьэшхуэ щимыІэу.

- Ар пэжу къыщІэкІынкъым. Сыти жыІи, сабий псоми яфІэфІщ лъакъуэрыгъажэм тесыну...

- Мис а Іэхэгугъэр дэри къыдогъэсэбэп икІи дэтхэнэ ныбжьыщІэри зэхьэзэхуэм хэтыну хуитщ езым и лъакъуэрыгъажэмкІэ. ТекІуэм и саугъэтщ лъакъуэрыгъажэ псынщІэрызэкІуэ, абы зэрытесыну спорт фащэ, дауи, медаль щхьэхуэ. АрщхьэкІэ нэхъыщхьэр аракъым, атІэ жьы кІабзэм хэту ныбжьыщІэхэр зэрызэпеуэрщ. Къыхэзгъэщыну сыхуейт, зэхьэзэхуэр зэредгъэкІуэкІа илъэс пщыкІухым къриубыдэу сабий 1500-м щІигъу абы зэрыхэтар.

- Уи фІыгъэкІэ Шэджэм щыналъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъакъуэрыгъажэ спортым и кьалащхьэ хъуащ.

- Ар пэжщ. Сэ ныбжьыщІэхэм яжьзоІэ: «Фэ республикэм фыщыназхьыфІ дыдэщІ». Апхэдэдэуи щытщ, лъакъуэрыгъажэмкІэ нэгъэщІ зэпеуэ республикэм щыІэкъым. Зэхьэзэхуэхэр щекІуэкІым и деж Шэджэм пльэгъуащэрэт - адэ-анэхэр, егъэджакІуэхэр, благъэхэр, ныбжьэгъуэхр куэду кьыззхуоср, сабийхэр трагъэгушхуэ.

- И кьарум зэрыхигъахъуэм кьищынэмыщІауэ, лъакъуэрыгъажэ спортыр щІыхум и дежкІэ сытым и сэбэп?

- Псом япэрауэ, шыІэныгъэ ин хелъхьэ, сыти жыІи, зэдэжэхэр сыхьэтихым щІигъукІэ щекІуэкІ кьохъу. Гъэгугъэри нэшэкъащэ, кІыхьи щхьэкІэ щекІуэкІ кьохъу. Гъэгугъэри нэшэкъащэ икІи спортсменым и кьалэн нэхъыщхьэр ар бэІуТІэІуныщу къызэрызэринэкІынырщ. Уезэшауэ, уи Іэпкьлъэпкъэхэр кьоуэу укъыщысам и деж: «Псори зэпыту укІуІ!» щыжьпІэ кьохъу. Ауэ зэ закъуэ укъикІуэтамэ, лъакъуэрыгъажэ спортым ухэкІыжауэ аращ. Сыт хуэдэ ІэщІагъэмэ щыапхэхуэдэщ. Сэ сыкъапщтэмэ, дунейпсом и чемпион сыхьун папщІэ илъэс пщыкІуплІкІэ гугъу зезгъэхьащ. ИужькІэ Олимпиадэм и дыщэ медалри абы къыкІэлъыкІуащ. Адэкіэ зыри сфІэхьэлэмэтыжакъым.

- Ар дауэ?

- Уи фІэщ хъурэ, лъакъуэрыгъажэ спортым зыри сыщыхуэмеижх хъуащ. Абы ирихьлІэу псоми сыщытекІуат. Олимпиадэ нэужым хуабжьу сыщІэхъуэпсащ профессионалхэм сахьихьэну. Испанием и «Барселона»-м контракт кьыСхуигъэлъэгъуат икІи сыкъэбырсеят Европэм щыІэ зэхьэзэхуэхэм илъэситІ-щыкІэ сыхэтыну. Ар кьащІэри, партым и ЦК-м сраджащ. Абы кьыщыспэплъэрт щэнхабзэмкІэ щыдамэ и унафэщІыр. И ныбжьыр зы илъэс 80-м нэсынт. Ар щхьэу икІи хуэдизу кьызэрсплъэрт. КІыхьу кьызгурыгъэІуащ сызэрыофицерыр, къэрал щэху зэрызесхьэр. ИкІэмикІэжьм, кьыщІигъужащ, Европэм сыкІуэмэ, сыкъагъэуту тезыр зэрызагъэхьынур.

- Сыт-тІэ жепІар?

- ЖесІащ си адэм нэхърэ нэхъ тезыр ткІий зыми кьызэрыстримылъхьэсфынур икІи хамэ кьэрал сыкъэнэну сызэримымурадыр. Апхэдэ лъэбакъуэ счыуэ си адэм, Іыхьлыхэм хьэрэм зезгъэщынуи?! Ар зэи кьэхъунутэкъым, аущ Европэм лъакъуэрыгъажэ спортым си улахэм и Іыхьэшхуэ Іэрызгъэхьэфынут. Сытми, дызэгурыІуакъым. КъулыкъушІэм кьызжиІащ кьэралым и командэ кьыхэкам сыкъыхахужыну. Сэри сыкъикІуэтакъым икІи жэуапу ещащ зыми ар зэрыкуэзфІэмыкІынур, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, афІэкІа зэи лъакъуэрыгъажэм сытетІысхьэнукъыми. Арати, кьэралым и гуп кьыкхам апхэдэу сэр-сэру сыкъыхэкІыжащ.

- Хьэлъэт ар пщІэну?

- ПщІэрэ, си жагъуэт. СощІэж, дунейпсо чемпионатым сыщытекІуащ. Ардыдэм еплІанэ ювыпІэр кьыщыІэхьа, Бельгием щыщ Меркс Эдди профессионалхэм хагъэхьэри, контракт бэлыхь кьыхуагъэлъагъуэ. Иужькіэ ар Тур де Франс зэпеуэм - рекламэм кьыпэкІуэр хэмыту доллар мелуани 8 щагъэув, дунейм щынэхъ ин дыдэ зэхьэзэхуэм - тхуэнейрэ зэкІэлъхьэужьу щытекІуащ. Ар хуабжьу мылъкушхуэт, ауэ нэхъыщхьэр аратэкъым. ЦК-м сэ щажеСащ Испанием кьыщІэлэжьым и процент 90-р совет кьэралыгъуэм зэрестынур. ДызэгурыІуакъым... Апхэдэу спортым сыкъыкэхІыжащ. Абы щыгъуэм илъэс 27-рэ си ныбжьу аращ икІи илъэс зыбгъупщІкІэ иджыри зыкъэзгъэлъэгъэфынут.

- НтІэ, сытыт нэхъапэм утезыгъэгушхуэр?

- Сэ зыт си гурыфІыгъуэр - текІуэныгъэр кьэсхьауэ лъагапІэм сыдрашей, си цІэкІэ кьэралым и гимныр кьоуэ... Абы сытыту согупсыс: «Иджыпсту телевизоркІэ си адэр мы псоми кІэлъоплъ!» текІуэныгъэм сыщІэбэнын папщІэ арэкьудейм сриКынут. И гугъу сщІыхэхэркъым си лъахэгъуэхэм, кьэралым кьыщыздэщІ цІыху мелуанхэм я пащхьэм жэуап ин зэрыщысыкъуу кІууэ зэрызыхэсщІэм. Абыхэм дэрэжэгъуэ естыныр си дежкІэ нэхъ лъапІэт сыт хуэдэ дамыгъэм нэхъри.

- Іыхьлыхэри хуабжьу бгъэгушхуэрт...

- Пэжщ. Си кьуэхэм я ныбжьэгъуэхэм жраІэрт сызищІысыр, ауэ мащІэт зи фІэщ хъур сэ сыолимп чемпиону. Дауи, иужькІэ щІэупщІэрти, Іэхъур зытетыр кьащІэрт. НэхъыщІэм зэгуэрым абы и фІыгъэкІэ и егъэджакІуэм оценкэфІ хуигъэуват.

- Уи лъагуэм ахэр ирикІуэкъэ?

- Нэхъыжьыр щІыдагъэ кьэщІэжьыным пыщІауэ Сыбрым щолажьэ. НэхъыщІэм Китайм хьэрычэт Іуэхухэр щызэрехьэ. Илъэсий ипэкІэ абы Іэпхъуащ. Нэгъабэ щхьэгъуэсэ ищІащ китай цІыхуб.

- БгъэщІэгъуэ?

- Хьэуэ. Ар абы и гъащІэщ. Ди унагъуэм зэрыщыгъэувар мыпхуэдэущ: «Угу ирихьрэ? Кьыхэпха? Псэу!». Ахэр иджыблагъэ кьэкІуэжащ. НысащІэр тыншу инджылызыбзэкІэ мэпсалъэ, ауэ, си жагъуэ зэрыхъущи, ар сэ сщІэркъым. Абы сыкъигъэгугъащ, етІанэгъэ кьыщыкІуэжынум ирихьэлІэу, урысибзэр зригъащІэу дызэпсэльэну.

- Уи кьуэхэр спортым зэи дихьэхакъэ?

- Адыгэлъ зэращІэтыр ягъэгъуэщакъым - тІури зэгуэрым бэнэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэм хэтащ. ЕхьулІэныгъэ гуэрхэри яІащ, ауэ Іэщ1агъэ яхуэхъуакъым. Сэри хэзгъэзыхьакъым - щхьэж и гъащІэ гъуэгур кьыхехыж.

- Уи адэри ара зытетар?

- НтІэ, абы сэ куэдым сыхуиуцящ. Зэгуэрым сызыбгъэдыдэшэри, кьызэхъурджэуащ: «Илъэс пщыкІуий урикъуащ, цІыху балигъ ухъуащ. Уи ныбжьым итхэр, я псэ емыблэжу, Хэкур яхъумэу бийм пэщІэтащ, уэ щІагъэщІэлъ фІэкІа пщымыгъуэ лъакъуэрыгъажэкІэ пщІантІэм кьыщыбожьхьэ. Апхэдэ хабзэ диІакъым». Сытыт сщІэнур? Лъакъуэрыгъажэм сызэрытес спорт фащэм гъуэнщэдж кьытеслъхьэрэ пщІантІэм сыкьыдэжыІуу щІэздзащ икІи шоссем сызэрынэсу щысхырти, зызгъасэрт. СыкъыщыкІуэжкІэ, аргуэру зысхуэпэжырт. Апхэдэу си адэр арэзы сщІат.

- Арэзы пщыри, лъагапІэ инхэм унэсащ.

- Сэ зыгъэсэн Львов щыщІэзджащ, си адэм абы кьулыкъу щищІэрт. Налышк дыкъэІэпхъуэжа иужькІэ, къэсщІащ тренер цІэрыІуэ Хьэжалий Исуф лъакъуэрыгъажэ спортымкІэ секцэ зэригъэлажьэр. СощІэж, «Спартак» стадионым япэу сыкъыщыкІуар: пащІэ зытет лІы мыльагъэр щІалэ гупым ёошхыдэ. Баку щыІа зэхьэзэхуэхэм ахэр кьикІыжауэ арат, зэрыхуэзгъэфщамкІэ, щІагъуэу зыкъамыгъэлъэгъауэ. Тренерыр апхэдизу ину яхэкІиерти, сэри слъэмыкІыу блыным зескъуэзылІащ. Абы зэуэ зыкъригъэзэкІри: «Уэри сыт узыхуейр?», - жиІэри губжьауэ кьызэупщІащ.

Зызгъэсэну сыкъыщзэрыкІуар кьыщищІэм: «Лъакъуэрыгъажэм утесыф?» - псалъэхэр кьызиутІыпщащ. Классификацэ билетыр сІэщІэлъти, хуэсшиящ. Абы итт япэ разряд сызэриІэр - спортым и мастер сащІыфынутэкъым, си ныбжьыр илъэс пщыкІуий иркьуатэкъым. Естам ит си бжьгъэхэм зэрепльу Исуф и пІэм ижьыащ. Къызэпльри, аргуэру кьызэупщІащ: «Илъэс дапщэ ухъурэ?». «ПщыкІубл», - жэуап естащ.

- И фІэщ хъуа?

- Хьэуэ. И мотоциклым сытригъэтІысхьэри, занщІэу унэм сыкъышэжащ. Си паспортым зыкъомрэ епльащ. И фІэщ хъуртэкъым 1947 гъэм сыкъалъхуауэ. ИтІанэ жеІэ: «Зыхуапэ, зыгъэсэныгъэм уздэсшэнущ!».

- Япэ зыгъэсэныгъэр пщІэжрэ?

- Фы дыдэу! Аращ кавказ бгы лъагэжэр гъунэгъуу япэ дыдэу щысльэгъуар. Дахагъэм апхэдизу сызыІэпишати, илъэс кьэс кьуршхэм кьытесгъаззэ хъуащ.

- Іуащхьэмахуэ лъапэ зыщыбгъасэу арат?

- Сыт щыгъуи. Уеблэмэ кьэралым и гуп кьыхэхам и тренерым хуэсІуэтащ си кьуэшым и деж сыкІуэурэ альпинистхэм я гъусэу бгым зэрызыщызгъасэр. Абы ар кьырфІэІуэхущакъым икІи кьызжиІащ: «Альпинизмэр - хьарзынэщ, ауэ дэ лъакъуэрыгъажэ зэдэжэращ дыкьэхэтыр». Сэ кьыгурызгъаІуэу сыкуэжащ хьэпІэ кьетпІэсфэкІыу зыдгъасэ нэхърэ кьуршым кьыщыджыхьмэ зэрынэхъ сэбэпыр. Хьэлъэхэм, ухуейухуэмейми, Іэпщэр ягъэбыдэ, лъакъуэрыгъажэ спортым хэтым дежкІэ ар кьемызэгъщ. Абы щыгъуэми, кьуршым ущыдэжкІыкІэ, уи бгымрэ лъакъуэмрэ ягъэлъэщ.

- Кьуршым зыщыбгъэса иужькІэ уи ехьулІэныгъэхэм хэхъуэрэт?

- Дауи! Тырныауэ кьыщыщІэдзауэ Азау хуейм нэс тІэу-щэ урижэмэ, кьэрау кьыпхуэнэжыртэкъым. Кьэзжари километри 150-160-м нэсырт. ЛъагапІэм сызэрыщыІэрат ар кьызызыкІыр. Іэпкъльэпкъыр йосэ жьы зэрыхуримыкьумрэ дзгъэзеигуэу зэрыщытымрэ. Зэхьэзэхуэм щидзэным зы тхьэмахуэ иІэжу абы укъохьжкри, тафэм ущылъатэм хуэдэщ. Кьэралым и командэ кьыхэхам кьыщыздыхэтхэм ягъэщІагъэрт: «Лы цІынэ зэпеуэм щыуагъэшхуэ ара?!». Зыкъомрэ яжеІакъым кьуршым зырызыщыгъасэр. Ар си щхьэт. ИужькІэ а Іэмалыр хэлъщІыу сщІащ. Япэщыкіэ яфІэауанащ, итІанэ зэрыкьэралым и командэ кьыхэхар зэрыщыту абы техьащ.

- Апхуэдэ гукъэкІыж куэд уи тхьилъым ихуагъэнщ?

- НтІэ. Куэд щІакъым а тхьилъхэм ящыщ си ныбжьэгъуэхэм кьаззэрыхуэдэсшэрэ. КьаззэрыІэрыхьэу еджэу щІадзащ. Ауан защІыжьрт, зыщыдыхьэшхыжьрт, я щІалэгъуэр ягу кьагъэкІыжьрт. Я ныбжьыр илъэс пщыкІублым щитам ягъэзэжат.

- Шэджэм щекІуэкІ зэпеуэхэм хуэдэхэм сытыт кьуатыр?

- Сэ куэдрэ сабий зэпеуэхэм сратэблагъэ икІи зи зыри згъэщІэжьркъым. Сыщыщыкіуам сэри кьызэлІаІэу, сагъасэу щытащ. Ар зэи зыщыгъэгъупщэркъым. Уеблэмэ, сабийхэм ядэлэжьэнри, ахэр тегъэгушхуэныр си кьалэну кьызолъытэ.

Епсэлъар

ХЬЭЖЫ Ибрэхьимщ.

Сымаджэм фІэщхъуныгъэ езытыжыф Пщыхьэщ1э Мухьэмэд

● Щапхъэ

Халат хужьым къалэн къыщищІэхэр дагъуэнщэу зыгъэзащІэхэм ящыщщ Лэскэн щІыналъэм хыхьэ Анзорей къуажэм дэт щІыналъэ зэхуакъ сымаджэщым псантхуэ узыфэхэр зиІэхэм я узыншагъэр щызэфІагъэувэж и кьудамэм и унафэщІ, псантхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм еІзэз Пщыхьэщ1э Мухьэмэд.

ЩІАЛЭЩІЭМ дохутыр Іэщ1агъэр кьыхихащ, и адэм и лэжьэкІэр щапхъэ хуэхъури. Аруан щІынальэм дэт сымаджэщым псантхуэ узыр зыпкърытхэм еІзэз дохутыру илъэс куэдкІэ лэжьа Пщыхьэщ1эАхьмэд (и Ахърэтыр нэху Тхьэм ищІ!) унэм къэкІуэжа адэм сымаджэхэм зэрепсалъэм, сэбэп зэрахуэхъум теухуауэ пкърыупщІыхьырт щІалэ цІыкІур. Адэми а псор зыфІэгъэщІэгъуэн быным хьэбар гъэщІэгъуэнхэр кьыжриІэжырт, я узыншагъэр зэтеувэжыныжкІэ кьиГъэсэбэп Іэмалхэмкіэ дэгуашэрт.

Нарткъалэ дэт 1-нэ курыт еджапІэр кьиухыу Іэщ1агъэ кьыхихьн хуей щІыхьум, ар Къэбэрдей-Балъкъэр къэралъ университетым и медицинэ факультетым дохутыр Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ и кьудамэм щІэтІысхьэри, 2011 гъэм кьиухащ. 2012 гъэм интернатурэм неврологиемкІэ Іэщ1агъэлІу кьыщІэкІа нэужь, ар КъБКъУ-м неврологиемрэ психиатриемкІэ и кьудамэм псантхуэ узыфэхэмкІэ Іэщ1агъэлІэкр щагъэхьэзыр отделенэм и щІэныгъэм щыхигъэхьащ. Сызэджари, зэзгъэгъуэта Іэщ1агъэри куэдщ икІи къэмыувыІэу Мухьэмэд иужькІэ мануальнэ терапиеми хуеджэжауэ абыкІи Іэщ1агъэлІщ.

Зэреджэм хуэдэущ, щІалэщІэр Аруан щІынальэм щІэ сыманджэщым неврологиемкІэ и кьудамэм дохутырым и дзІэпыкъуэгъуэ уври, илъэсиплІкІэ абы щылэжьащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь а отделенэ дыдэм дохутыру илъэситІкІэ щылэжащ. 2016 гъэ лъандэрэ ар дохутыру щолажьэ Анзорей къуажэ дэт щІынальэ зэхуакъ центрым псантхуэ узыфэхэр зиІэхэм я ныбжьыщІэр щызэфІагъэувэж отделенэм, иджыпсту а къутым и медицинэ факультетым дохутыр Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ и кьудамэм щІэтІысхьэри, 2011 гъэм кьиухащ. 2012 гъэм интернатурэм неврологиемкІэ Іэщ1агъэлІу кьыщІэкІа нэужь, ар КъБКъУ-м неврологиемрэ психиатриемкІэ и кьудамэм псантхуэ узыфэхэмкІэ Іэщ1агъэлІэкр щагъэхьэзыр отделенэм и щІэныгъэм щыхигъэхьащ. Сызэджари, зэзгъэгъуэта Іэщ1агъэри куэдщ икІи къэмыувыІэу Мухьэмэд иужькІэ мануальнэ терапиеми хуэдэкъэуэ абыкІи Іэщ1агъэлІщ.

Зэрэдкъэ хуэдэущ, щІалэщІэр Аруан щІынальэм щІэ сыманджэщым неврологиемкІэ и кьудамэм дохутырым и дзІэпыкъуэгъуэ уври, илъэсиплІкІэ абы щылэжьащ. ЩІэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэта нэужь а отделенэ дыдэм дохутыру илъэситІкІэ щылэжащ. 2016 гъэ лъандэрэ ар дохутыру щолажьэ Анзорей къуажэ дэт щІынальэ зэхуакъ центрым псантхуэ узыфэхэр зиІэхэм я ныбжьыщІэр щызэфІагъэувэж отделенэм, иджыпсту а къутым и медицинэ факультетым дохутыр Іэщ1агъэм щыхурагъаджэ и кьудамэм и унафэщІым и къалэнхэр пІалъэкІэ егъэзэащІэ.

И адэр нобэ кьыщыхьэщымышъкми, Мухьэмэд абы и ущие псалъэхэм тетщ. Лэжьэн щІидза нэужьщ адэм и псалъэхэр, чэнджащэкъэр нэсу щызыхьикІэри, кьыщигъэсэбэпри.

Зыпэрыт Іэщ1агъэр и нэр кьыхуикІыу кьыхэзыха щІалэщІэм кьытехьэлъэркъым и лэжьыгъэр, езэши ищІэркъым. И Іэзэгъэм зэрыхигъэхъуэным хущІэкъуу медицинэм теухуауэ тхыльыр куэд щІеджкІ, щІэуэ а унэтІыныгъэм кьыхьхьэ дэтхэнэ зы Іэмалми зыщІегъэгъуэзэ. Нэхъыщхьэраци, абы сымаджэхэм гупльэтэ яхуищІра кьыхуэарэзыуэ апхэдэщ. И кьару емыблэжу зэрылажьэм, и кьалэнхэр дагъуэнщэу зэригъэзащІэм папщІэ абы мызэмытІэу кьыхуагъэфэщащ щытхъу, щІыхь тхьылъхэр. Мухьэмэд шыІэныгъэшхуэ зэдзыхэту плъагъуныр. Абы кьегъэлъагъуэ ди егъэджакІуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щІэблэр хуегъэджэным гулъытэщхуэ зэрыхуащІыр. Дыщогугъ нобэрей лэжьыгъэр ди щІэблэм я пэлъкъ гупсысэр нэхъ куу хъунымкІэ хуэщхьэпэну. - жиІащ абы.

Мы гъэм Хасэм иригъэкІуэкІа зэпеуэр адрейхэм кьащхьэщыкІыу щытащ. Ипэ илъэсхэм темэр иратрэ тхыгъэр ятхыу щытамэ, иджы кьызэгъэпэщакІуэхэм еджакІуэхэм я пащхьэ фІэщыгъэ зимыІэ сурэт теплъэгъуищ иралъхьат, абыхэм языхэз кьыхахыу я тхыгъэр абы траухэун хуейуэ. Сурэтхэр теухуат зэгурыІуныгъэм, дыкъэзыкуэрехь дунейм, интернетым цІыхум и гъащІэм щиубыд хъуа увыпІэм.

Тхыгъэхэр дапэкІэ кьэпщытакІуэ гупым я пащхьэ ираІэхьэнурэ, абы кьыхэжаныкІэри, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэри ягъэлъапІэнущ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

● Си анэбзэ - си адыгэбзэ

Лъэпкъ гупсысэм зрагъэужь

Адыгэбзэ Хасэм иригъэкІуэкІ Іуэхугъуэхэм ящыщу «Си анэбзэ - си адыгэбзэ» зи фІэщыгъэ тхыгъэ зэпеуэм и 6-нэ зэхьхьэр Мэлбахьэу Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щекІуэкІащ.

ЗЭПЕУЭР зэрекІуэкІым кІэлъыплъыну абы кьрихьэлІат Къэбэрдей-Балъкъэрым щылажьэ «Нарт Хэку» щІалэгъуалэ хасэм и тхьэмадэ Ашхъуэт Анзор, «Черкесский ренессанс» жьлагъуэ зэгуэхьэныгъэм и тхьэмадэ Жьлэгъащтэ Хьэчим, «Жьэгу» зэгуэхьэныгъэхэм и унафэщІ Борэ Аскэр сымэ.

Зэпеуэм кьекІуэлІат 9-11-нэ классхэм щеджэу еджакІуи 160-рэ. Хасэр зэрылэжьам илъэсихьм кьриубыдэу тхыгъэ зэпеуэм кьыхьхьэхэм я бжьгъэм зыхэпщІэу зэрыхэхъуар, абыкІи зэрыгушхуэр кьыжиІащ зэІущІэр кьызэІуэыха, Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат.

- ГурыфІыгъуэщ икІи гугъэ хэозытщ мыпхуэдизу адыгэ сабий гуп адыгэ Іуэху зэдыхэту плъагъуныр. Абы кьегъэлъагъуэ ди егъэджакІуэхэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щІэблэр хуегъэджэным гулъытэщхуэ зэрыхуащІыр. Дыщогугъ нобэрей лэжьыгъэр ди щІэблэм я пэлъкъ гупсысэр нэхъ куу хъунымкІэ хуэщхьэпэну. - жиІащ абы.

Мы гъэм Хасэм иригъэкІуэкІа зэпеуэр адрейхэм кьащхьэщыкІыу щытащ. Ипэ илъэсхэм темэр иратрэ тхыгъэр ятхыу щытамэ, иджы кьызэгъэпэщакІуэхэм еджакІуэхэм я пащхьэ фІэщыгъэ зимыІэ сурэт теплъэгъуищ иралъхьат, абыхэм языхэз кьыхахыу я тхыгъэр абы траухэун хуейуэ. Сурэтхэр теухуат зэгурыІуныгъэм, дыкъэзыкуэрехь дунейм, интернетым цІыхум и гъащІэм щиубыд хъуа увыпІэм.

Тхыгъэхэр дапэкІэ кьэпщытакІуэ гупым я пащхьэ ираІэхьэнурэ, абы кьыхэжаныкІэри, ахэр зыгъэхьэзыра егъэджакІуэхэри ягъэлъапІэнущ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **ЖылаСэ Зауэрбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьашнокъуэ Эдуард** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэныджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхьэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэмрэ щІыуэпсыр зэпсычэныгъэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыкъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Соня,** *редактору* **ЖьэкІэмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.), Инэрокъуэ Аэзмэт (1, 2-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Доя Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Биц Жанинщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.113 ●Заказ №1167